No. 5 — 30 Januari 1931 — Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . f 6.—
1/2 „ . . . . . f 3.— } njoewoen kabajar roemijin.
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar sabenwoelan

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . f 36.—.
1/2 „ . . . . . f 18,65.
1/4 „ . . . . . f 9,75.
1/8 „ . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03; sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Inlandsche beweging . . . petjah — Missie kalijan Zending — Swara Tama wonten ing Volksraad — Ra'jat Indonesia lan Ékonomi — Tanggap sabda — Sampoen alitan manah — Wawasan bab boekoe — Goentingan pers — Ontjèn sekar gambir melati — Saking pakempalan — Saking Betawi enz. — Oerap-sari — Correspondentie.

INLANDSCHE BEWEGING, ... PETJAH???

INDONESIA MERDEKA, dédé GAGAJOEHANIPOEN BANGSA?

Poenapa poenika?

Ing *Afdeelingsverslag Volksraad*, pérangan wawasan oemoem, ngewrat prakawis ingkang pantes koela tjatet ing ngriki. Prakawis waoe angèngingi ébah-ébahan politiek Indonesiërs.

Koela petik sapérangan.

„De vorming van hoogergenoemde, op nationale of insulaire groepeering gerichte, en ook andere nieuwe Inlandsche partijen zooals bijv. de P.(artij) R.(akjat) I.(ndonesia) — (pakempalan énggal jasanipoen Tabrani. — A.S.D.), die gebaseerd is op samenwerking met de Regeering stelt naar het oordeel van verscheidene leden in het licht, dat er in de Inlandsche beweging, groote verdeeldheid heerscht. De neiging tot afzonderlijke groepeering, en tot afscheiding van de P. P. P. K. I. wordt steeds duidelijker.
De Regeering houde hiermede rekening en beschouwe derhalve hetgeen laatsgenoemd verbond als ideaal verkondigt, n. l. de vorming van een zelfstandig Indonesisch rijk, niet als de wensch van het Indische volk . . . . . ."

Dados, afdeelingsverslag Volksraad pérangan poenika, anjarijosaken soeraosipoen:

1. Katah warga ingkang amastani, adegipoen pakempalan énggal P.R.I., ingkang adadasar njamboet damel sasarengan kalijan nagari, poenika angantawisi bilih ing dalem pergerakan Indonesiërs wonten *pipisahan oet. pasoelajan* ageng. Sedya badé mijambak, sarta badé misah saking P. P. P. K. I. saja katingal.

2. Amila, regeering kedah angèngeti sarta nganggep bilih idam-idamanipoen P. P. P. K. I. ngawontenaken *karadjan Indonesia ingkang bawa pijambak, poenika dédé idam-idamanipoen kawoela Indonesia.*

Wontenipoen P. P. P. K. I., angantawisi bilih kaoem pergerakan Indonesiërs sami koematjèloe dateng manoenggiling pakempalan politiek Indonesiërs pinten-pinten, wonten babadan satoenggal.

Sedya ingkang makaten waoe, sarta ingkang inggih ladjeng dipoenwoedjoedi, pantes dipoenaosi. Sinten kémawon, satroe toewin mitra, pantjèn kedah ambikak toedoeng soemerep *gagajoehan* oetami, *activiteit* ingkang semanten poenika.

Sanadjan koela *boten* jakin, bilih adegipoen P. P. P. K. I. waoe saged kalajan *sentosa*, éwadéné *sedya manoenggil* waoe koela aosi sanget.

Manawi kasawang satléraman, medalipoen P. S. I. I. saking P. P. P. K. I.; mogokipoen pakempalan-pakempalan politiek sewatawis boten poeroen mlebet ing P. P. P. K. I., pantjèn saged dipoen-gagapi bilih ing salebeting pergerakan politiek Indonesiërs wonten *pasoelajan*.

Nanging, tijang kedah ènget, bilih medalipoen P. S. I. I. toewin mogokipoen pakempalan waoe boten ateges manawi: *emoh roekoen*. Boten ateges badé *soelaja* kalijan sami bangsanipoen. Boten ateges nedya *tjrah* ingkang mahanani boebrah. Wangsoel, margi angantepi pamanggih: pantjèn boten toemindak pakempalan *politiek* ingkang warni-warni dasaripoen poenika, kadadosaken satoenggal.

Sanadjana boten manoenggil wonten P. P. P. K. I., éwadéné *djangkanipoen* sadaja pakempalan politiek Indonesiërs poenika *satoenggal:* i. p. mboedidaja loewaripoen Indonesia saking pangawasaning bangsa sanès.

Dados, kénging katemboengaken: béda roepané *pada karepé;* oet. sédjé dalané, *sidji djoedjoegé*.

Sadaja kémawon ingkang kilénan rah kabangsan, mesti babar pisan boten roemaos, boten poeroen, manawi dipoenwastani anggènipoen boten manoenggil wonten P.P.P.K.I. poenika nedya tjrah kalijan bangsanipoen pijambak.

Béda-bédaning dadasar ing pakempalan-pakempalan politiek gadahanipoen Indonesiërs, poenika andjogipoen dateng papan satoenggal: *Indonesia Merdéka*.

Mila *boten leres*, manawi soemerep kawontenan ing nginggil waoe, tijang ladjeng gadah pamanggih: pergerakan Indonesiërs *petjah*. Kita boten petjah. Boten tjrah! Boten soelaja! Bédaning lampah, bédaning dasar, ingkang djoedjoegipoen *satoenggal*, poenika boten kénging dipoenwastani ora roekoen.

Angèngeti pepisahan poenika (sic!) warga waoe neda soepados regeering boten nganggep manawi gagajoehan Indonesia Merdéka poenika gagajoehanipoen kawoela Indonesiërs.

Soeka rembag kados makaten poenika moetawatosi sanget. Awit jèn boten kaleresan nama *ndjlomprongaken aloes!* Djer:

Mireng makaten poenika, kabangsan Indonesiërs mesti *mèsem*.

Sabrèbèt doerèn, ingkang saged moengel Indonesia Merdéka, ingkang anggajoeh Indonesia Merdéka waoe mila namoeng intellectueelen; kaoem terpeladjar!

Namoeng, gagajoehanipoen pakempalan-pakempalan politiek Indonesiërs ingkang satoenggal-satoenggalipoen anggadahi warga atoesan, éwon, dasanan éwon, poenika poenapa dédé gagajoehanipoen kawoela?

Kalijan malih, *saoepami* wiwit bandéra Walandi toemantjep tjrep wonten tanah kita, goepermèn ladjeng ngrembag *onderwijs* sapatoetipoen kanggé bangsa kita, doemoegi titimangsa poenika, ingkang bergerak dateng Indonesia Merdéka waoe, mesti boten namoeng lapisan nginggil.

Pènget! *Volk* Indonesia neda Indonesia Merdéka! Ingkang nglantaraken, ingkang njoewantenaken, bangsanipoen ingkang terpeladjar!

Poenika ndadosna kawoeningan!

A. S. D.

PRADJA RAHAJOE.

(MISSIE KALIJAN ZENDING).

(Pamanggihipoen golongan sanès).

(Sambetipoen Sw. Tm. no. 4).

Ngleresaken lepat.

Sadèrèngipoen koela ngladjengaken pretalan koela saking *Sri*, koela mratélakaken roemijin, artikel pertalan bab poenika, kala minggoe kapengker wonten ingkang klèntoe anggènipoen ngetrapaken. Ing sangandaping titel Zending lan Missie (zie Sw. Tm. no. 4) wonten oengel - oengelan:

(Missie sedyanipoen: Bakoening *nglantaraken kanjatahan*. Pamanggih kados makaten poenika sampoen djamoeren).

Oengel - oengelan poenika leresipoen boten wonten ngrikoe doenoengipoen. Nanging wonten kolom 3, pg. 2, larikan 11 saking nginggil, ingkang ladjeng moengel makaten: (— Pemanggih kados makaten poenika poenapa boten sampoen djamoeren? Missie bakoening sedyanipoen: *nglantaraken kanjatahan*. — Pak Tyon).

* * *

Sapoenika kaladjengaken pamretal koela.

Roebéda makaten poenika andjalari K.S. Bapa ambangoen pakarjan missie. Serat - serat kabar Walandi anjarijosaken kala 30 Nov. 1919, Ingkang Sinoehoen ing Roem Benedictus XV ladjeng ngedalaken Nawala Maximum Illud. K. Paus ngandikakaken soeraosipoen: Samangké sampoen doemoegi titi mangsanipoen ing tanah-tanah djadjahan dipoenwonteni imam priboemi. *Anggènipoen Roem makaten waoe, margi pineksa déning kawontenan.* Lan, . . . imam priboemi waoe, soepados boten namoeng kanggé toetoeloeng prakawis alit-alit kémawon dateng missionaris bangsa mantja. Nanging, samangsa sampoen saged, kedah ladjeng anggentosana ngerèh, oet. noentoen bangsanipoen pijambak. Poendi papan ingkang ing ngrikoe wonten imamipoen priboemi kanti njekapi, sembada, toer pantes saèstoe angloenggoehi timbalam Dalem Pangéran, pakarjaning missie wonten ngrikoe tetep kénging kawastanan pikantoek damel, sarta tetep saged angedegaken Grédja saé. Lan, ... manawi ing tembé wonten pangoeja-oeja nedya ngleboer Grédja waoe, kita boten perloe koewatos. Grédja waoe mesti saged nadahi panempoehing mengsah, awit sampoen pitaja tatalesipoen, santosa ojodipoen. Saladjengipoen I.S.K.S. Bapa andawoehaken dateng sadaja tijang Katoelik soepados ing poendi-poendi dipoenwontenana priestersmissiebonden, samia amanah saèstoe dateng pakarjaning missie, poenapa déné soepados samia ambijantoe pakempalan - pakempalan missie (missiegenootschappen).

Nitik Nawala poenika, tétéla manawi Roem sampoen anginger kemoedining pakarjan missie. Roem anggènipoen nindakaken lampah waoe, kanti kakijatan. Pakempalan-pakempalan missie kados déné „St. Pieter Liefdewerk", „De Heilige Kindsheid" lan „Voorplanting des Geloofs", ... manoet serat - serat kabar sami kadadosaken pauselijke genootschappen. Kadjawi poenika oegi dipoenoemoemaken wontenipoen woelangan mligi babagan kawroeh missie. Sarta ing Roem, dipoenwonteni tentoonstelling-missie ageng-agengan, ingkang ladjeng kalebetaken moesijoem.

Roem boten badé kèndel. Tanggal 28 Mei 1928 wonten Nawala malih saking Ingkang Sinoehoen XI. Nawala waoe dapoer besoetanipoen Nawala dalem Benedictus. Rembag ngawontenaken imam priboemi, inggih sanget dipoenpanggalih. Nata Pius oegi anggalih: boten mokal manawi bangsa koelit petak katoendoeng saking tanah djadjahan. Pangandikanipoen: „Saoepama, . . . marga perang oetawa lalakon lijané kang gagajoetan karo politiek, ing sadjroné koekoeban missie bandjoer ana owah-owahan papréntahan, lan bandjoer pinoetoesan missionaris bangsa mantja koedoe loenga; . . . . saoepama golongan priboemi kang woes doewoer tataraning adabé, wis mateng (sarta bandjoer madeg déwé), soemedya noendoeng ambtenar, wadyabala, sarta missionaris mantja negara, sing ambawahaké awaké, mangka panoendoeng mangkéné iki bisané moeng sarana paksan, saiba bakal kasangsaraning pasamoewan ing papan ikoe, jèn ora diwékani nganggo djala imam priboemi kang binèbèr ing tanah kono, kanggo preloening agama Kristen."

Saladjengipoen wonten ingkang moengel: „ . . . . Tanah Éropah déwé kang dadi asalé para missionaris sing akèh² saikiné koekoerangan imam, lan loewih² déné perloe banget kanti pitoeloengan Dalem Pangéran ambalèkaké sadoeloer - sadoeloer kang kasasar ditoenggalaké dadi sidji ana ing pasamoewan Katoelik, apa déné angloewari kasasaré wong-wong kang ora Katoelik. Lan, . . . saben wong mangerti, sanadjan wektoe saiki kèhé djaka-djaka kang tinimbalan dadi imam ora koerang tinimbang bijèn-bijèn, nanging sing anglegani timbalané Pangéran maoe ora patija akèh."

Kadjawi poenika, kalangan Katoelik inggih roemaos kedah ngawontenaken monnikenorden. Kedah oegi manah dateng pangadjaran andap, tengahan toewin inggil. Grija-grija sekolahan tjalon pastoer, poenapadéné kadaton-kadaton kabiskopan, kedap ingkang sarwa prasadja, margi jajasan ingkang ngemoe karojalan, poenika boten dados senengipoen tetijang priboemi.

Mila, inggih mèmper kémawon manawi Roem tansah ningali dateng nagari Tiongkok, djer wekdaling pangawasanipoen bangsa mantja wonten tanah ngrikoe, sasatipoen sampoen kénging dipoenwitjali. Sasampoenipoen nemahi pandoewa katah sanget, ngarsa dalem Sinoewoen ing Roem amoetoes: ing nagari Tiongkok boten namoeng dipoenwonteni imam Tionghoa, kepara malah imam-imam priboemi waoe dipoenerèh pijambak déning Biskop Tionghoa. Kala 28 Oktober '26, I.S.K.S. Bapa pijambak ambarkahi imam Tionghoa 4 kadadosaken biskop. Boten let dangoe ambarkahi malih kalih. Tjatjahing koekoeban missie ing Tiongkok, salebetipoen taoen '22 — '27 mindak dados 85, waoenipoen 63. Toer imam-imamipoen ingkang katah-katah sampoen imam bangsa Tionghoa. Katah tijang amastani, bilih bangsa Tionghoa poenika boten kadoenoengan wawatakan ingkang kedah doemoenoeng wonten biskop. Nanging Roem soeka paseksèn bilih ingkang makaten waoe boten njata. (Ingkang kaseboet ing nginggil poenika kados gadah raos: „Roem enggoné doewé slaga: nganakaké imam priboemi, ikoe moeng *bing saiki baé*, toer *kapeksa!* — Mangka slaga kados makaten i.p. ngwontenaken imam priboemi poenika wiwit moela boeka sampoen kelampahan, malah inggih makaten poenika ingkang dados *padatanipoen Pasamoean Soetji* (Roem). Para Rasoel sadaja bangsa Jahoedi. Ingkang anggentosi ladjeng bangsa poenapa? Ing poendi-poendi panggènan Pasamoean Soetji tantjep tjakal-bakal, ingrikoe ngoedi oegi ngwontenaken imam priboemi. Tjonto: Babadipoen Pasamoean Soetji ing Nederland. Ing sakawit ingkang moelang agami Katoelik dateng tijang Walandi poenika imam saking bangsa Ier (St. Willibrordus). Nanging sekedap engkas ladjeng dipoenoedi soepados tijang Welandi anggadahana imam oegi bangsa Welandi pijambak. K. S. Bapa Gregorius XIII (1572 - 1585) wonten ing kita Roem ijasa College warni-warni kanggé tjalon imam: college kanggé bangsa Inggris, bangsa Ier, bangsa Djerman enz. — *Pak Tyon).*

Ing Indonesia dèrèng doemoegi semanten. Nanging koela tanggel, béndjing temtoe badé wonten biskop Indonesiër Djawi ingkang sapisanan, lan ing tanah Djawi Tengah bokmanawi badé dipoenedegi universiteit Katholiek ingkang sapisanan. Prakawis poenika namoeng ngentosi wekdal . . . .

* * *

Makaten sadèrèk, pamanggihipoen S. M. Latif toemrap Missie toewin Zending.

Pak Tyon.

SWARA TAMA WONTEN VOLKSRAAD.

Prakawis goenoeng Merapi.

Rembagipoen kadang Ptj. Mérah prakawis Koerdanipoen Merapi ka-

GOENTINGAN PERS.

Dana Merapi.

Boten lila?

Adegipoen komité - Merapi ing ngrika-ngrika, ngagengaken manah! Koela ngakeni, bilih darma waoe ingkang sapérangan ageng saking basa Walandi. Nanging, ... kita inggih boten seneng bilih medalipoen dana waoe, ladjeng dipoentoetoeti basa ingkang larasipoen ngoetjik-oetjik, oet: sadjak boten lila.

Het Nieuws lan *Alg. Handelsblad* Semarang mentas ngoetjap ingkang wosipoen makaten:

„Kabèh - kabèh kanggo Merapi! Kanggo kapreloewan lija ora dingèngèhi! Koewi ora adil! Mangka, kaoem anggoeran, kaoem werkloozen bangsa Éropah, wis sasèn - sasèn enggoné ngentèni pitoeloengané regeering lan wong-wong loemrah.

Tenan! Kaoem werkloozen Éropah tansah ngentèni. Ning sing diperlokaké moeng Merapi! Ngendi-endi, ... Merapi! Sapa-sapa . . . Merapi!

Saben wong, ... dana . . . . kanggo Merapi! Saben iroeng, ... ngemenemenaké kanggo Merapi! Sapa waé, ambanting awak, ija kanggo Merapi!

Nanging, pira isiné fonds centraal Komité kanggo Europeesche werkloozen? Balik Merapi Fonds, ... f 300.000 diedoem wong . . . atoes?

Merapi fonds, . . . kebak mentjep! Nanging fonds kanggo wong nganggoer, ... kotong blong! Apa moerwat???

Akoe ora ngarani, telak karo sanak abot telak. Akoe ora ngarani manawa wong Landa ing kéné koedoe milih: abot endi wong Merapi, karo bangsané déwé sing nganggoer?? Jèn nganti mangkono, ngisin-isini! Kéné karo kono pada déné kawoelané pradja Nederland. Nanging, kita ija ora koedoe isin andesek adja nganti sing sidji diebotaké merga moeng nglaboehi sidjiné. Para wong nganggoer bangsa Éropah ora ketradjang lahar goenoeng kaja wong ing Merapi. Nanging ketradjang laharing malaise, ija laharing wereldcrisis. Moelané ora kena dilalèkaké.

Entas iki, tilgram Aneta, njaritakaké regeering nglilani t. F. J. Junius resident Lampoeng nandjakaké doewit f 7.000 kanggo angremboeg lemah kolonisatie kang tjalon dienggoni wong-wong goenoeng Merapi kang kentèkan banda sabalé pomahané.

Hem, ... nèk kanggo Merapi diwènèhi pitoeloengan samono! Ning jagéné wong Éropah kok ora? Jagéné pakoempoelan Nieuw Guenia loro, kok dinengaké waé, ora dipitoeloengi ora barang, dikonambanting awak déwékan? Généja ora dibijantoe woedjoed doewit? Jagénè I. E. V. diwèhi oetang f 100.000 waé, nganaki limang presèn.

Généja kono dipitoeloengi, kita ora? Mangka kabèh pada déné boetoeh . . . .

* * *

Makaten oetjapipoen Het Nieuws kalijan Alg. Handelsblad. Poenapa poenika boten ngemoe raos: getoen, ngoetjik-oetjik?

Koela ngakeni, lan inggih trima kasih dateng katahing dananipoen para Walandi dateng kasangsaran Merapi. Nanging nggandjel sanget raosing manah kita, manawi pitoeloengan waoe andjalari kawedaling temboeng: „jagéné kono, *Inlanders* ditoeloengi samono gedéné, kita Europeanen kok ora! . . . ."

Koela inggih mangertos dateng kadjengipoen serat kabar waoe. Kadjengipoen makaten saé; . . . . badé ngebaki fonds kanggé Europeesche werkloozen. Nanging ihtijaripoen: *ing ngatasipoen darma*, mawi *ngoetik-oetik kabangsan*, poenika ingkang boten koela matoeki.

Prendjak Mataram.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

VERSLAG „VAN LITH-STICHTING" TAOEN 1930.

Pangrèh: Djalaran tindakipoen R. F. Harjadi saking Magelang, ingkang djoemeneng wakil Directeur R. J. Djajaatmadja. Tanggal 2 Juli 1930 R. Adisoemarta katetepaken ngasta Directeur; J. K. Jitnajoewana nggentosi Secretaris lami, inggih poenika; Hr. C. Moehamad. Van Lith-Stichting boten badé kesoepèn dateng prijantoen tetiga waoe ingkang ngasta Pangrèh padintenan ingkang sapisanan. Margi saking poenika warga pangrèh V. L. S. wonten ing Moentilan sadaja;

R. St. Adisoemarta; Directeur.
J. K. Jitnajoewana; Secretaris,
R. M. T. Poerbadibrata; Penningmeester.
R. J. Djajaatmadja lan
R. M. F. Soerjamoersandi; Leden.

Ingkang djoemeneng wawakil dalem Kangdjeng Bisschop ing Betawi lestantoen pandjenenganipoen Rama Th. Cocx.

Tjatjahing warga manoet verslag taoenan ingkang sampoen 475; sapoenika wonten 587.

Tjatjahing parepatan wonten 2 kadjenengan Rama Gemachtigde, 6 boten kadjenengan Rama Gemachtigde.

Ingkang kadjenengan Rama Gemachtigde inggih poenika nalika tanggal 2 Juli lan 15 Juli 1930; wonten ing dalemipoen R. M. T. Poerbadibrata (2e. Convict).

Kawontenanipoen arta: saé.
31 December 1929 goengoeng wonten f 855.74; kawewahan contributie, arta lintiran saking V. L. Fonds toewin saremaning jatra ingkang wonten ing bank lsp. doemoegi 31 Dec. 1930 dados f 6383,42⁵.

Arta samanten waoe ingkang f 4390,62 Stamkapitaal. f 1967,73⁵ Studiefonds.

Déné ing kas kakalih waoe woten arta f 20,05. lan f 5,01.

Arta Stamkapitaal ingkang f 4000 woedjoed effecten; tirahanipoen kagamblokaken jatra Studiefonds lan kas, wonten ing V.C.B. Magelang (bijkantoor Mtl.), loemampah 4%.

Arta Studiefonds ingkang katandjakaken f 1035,— Déné ingkang kanggé djagèn f 932,73⁵.

Ingkang kabantoe ing pasinaonipoen wonten sadèrèk 7; ingkang satoenggal wonten ing Nagari Wlandi. Déné ingkang sampoen mangsoelaken jatra pandjoeroeng waoe wonten 1 (roemijin nampi pitoeloenganipoen V. L. F.).

Sadèrèk ingkang kasebat nginggil waoe ratjak nampi f 7,50— f 10,— sawoelanipoen. V. L. S. tansah ngèngeti, soepados taoen ngadjeng saged mbantoe sadèrèk 2 oetawi 3 malih; tjatjahing sadèrèk ingkang tjalon nampi pitoeloengan waoe temtoe kaindakan, manawi sampoen wonten ingkang mangsoelaken jatra. Steunkas I kinten-kinten sataoen oetawi 2 taoen engkas saged mragadi moerid Seminari 1 kanti tjekap.

Propaganda: 1) katindakaken sarana serat² lan advertentie wonten ing „Swara Tama" lan „Soeara Katholiek"

2) Sarana propagandanipoen R. St. Adisoemarta lan sadèrèk P. K. Hardjawarsita.

Woedjoedipoen Propaganda bureau:
Directeur: R. St. Adisoemarta.
Leden: Rm. Soerjamoersandi.
Hr. P. K. Hardjawarsita.
J. K. Jitnajoewana.

Tjatjahing kringen ing taoen 1930 wonten 17. Kadjawi poenika tampi pandjoeroeng jatra saking Betawi; nanging ing rikoe dèrèng ngwontenaken kring pijambak. Kring énggal ingih poenika ing Gandjoeran.

Zelateur ing kring-kring waoe:
Kring 1. R. M. F. Soerjamoersandi.
„ 2. Hr. C. Moehamad.
„ 3. R. B. Darsana.
„ 4. Hr. Soeradjim ladjeng Hr. Dwidjaatmadja.
Kring 5. Hr. Hardjosoemarta ladjeng Mevr. Soedarsitin.
Kring 6. Hr. Mangoensoebrata.
„ 7. Hr. Hendrawarsita.
„ 8. Hr. Sastraoetama,
„ 9: R. M. Sastrawinata lan R. M. Soedana.
Kring 10. Hr. Martawihardja ladjeng Hr. Ibnoe Oemar.
Kring 11. Hr. Darmasoemarta.
„ 12. Hr. Sastrawardaja.
„ 13. Hr. Adiwardaja.
„ 14. Hr. Tahrin.
„ 15. Hr. Soewardja:
„ 16. Hr. Bratadarsana.
„ 17. Hr. Soemaatmadja.

Para Zelateur waoe sampoen kakintoenaken Instructie kanggé Zelateur. Ing instructie rikoe para Zelateur manawi menggalih preloe, kénging ngwontenaken Hulp Zelateur lan propagandisten, soepados wontena ingkang mitoeloengi nindakaken padamelanipoen. Pangrèh V. L. S. ngadjeng-adjeng katahing sadèrèk ingkang karsa toemoet nindakaken padamelan poenika.

H. R. mèh rampoeng. Manawi sampoen tampi goedkeuring saking pandjenengan dalem Kangdjeng Bisschop badé kasebaraken.

Secretaris: J. K. Jitna.

JAARVERSLAG K. W. AMBARAWA TAOEN 1930.

I. a. Tjatjahing warga wiwitaning taoen 1930: 33. ing poengkasaning taoen 1930: 34.

b. Warga pangrèh sekawit: Hr. J. Soemadi (Pangarsa), Hr. Hardjaatmadja (secr.), Hr. F. Martasoewigja (penningm.), Hr. Soerja toewin Hr. B. Darsana (commissarissen).

Wonten ing tengah-tengahing taoen gantos: Hr N. Hardawirjana (Voorzitter), Hr. L. Soerja (Secr.), Hr. B. Darsana (penn.), Hr. J. S. Mangoenwidjaja toewin Hr. S. Adisoemarta (Comm.).

II. Parepatan pangrèh: × 3, miroenggan × 2; parepatan warga × 4.

III. Ingkang katindakaken lan kawontenaning jejasanipoen K. W. ing taoen 1930.

a. 1. Ambajari laré Leerschool sawatawis ingkang kekirangan.

2. Ngintoenaken wewakil dateng Gandjoeran, nalika Missie Djawi kaoendjoekaken Tyas Dalem G. J.

3. Ngintoenaken oetoesan dateng parepatan P. K. W.

4. Dana dateng Florès, nalika wonten patjeklik.

5. Jasa Commissie Tata-tjara.

6. Toemoet ada-ada ngwontenaken Comité „Likasan."

7. Ngoermati tindakipoen Hr. S. Adisoemarta.

8. Oeroen arta kanggé padjangan processie.

9. Njoewoenaken Koerban Mis Soetji kanggé ngintoen Swargi Rama Hoevenaars.

10. Ngoermati tindakipoen Rama Rector L. van Rijkevorsel dateng negari Walandi.

11. Ngwontenaken pista kanggé mèngeti adeging K. W. ngriki sampoen djangkep 5 taoen.

12. Ngoermati rawoehipoen Rama, A. Prawirapratama.

13. Njoewoen Mis Soetji, kanggé widadaning K. W.

14. Oeroen arta kanggé altaar énggal ing Ambarawa.

15. Ngwontenaken pista kanggé laré-laré Katoelik ing wekdal Kersitmis.

b. Jejasanipoen K. W.

1. Pangroekti-Laja. Maremaken.
2. Debatingclub. Taksih madeg.
3. Gezellige avond. Taksih toemindak saé.

LARÉ PENING.

Parepatan Maria-Medeatrix taoenan tg. 1 Januari 1931.

Papan: wonten ing Leerschool I. Kalipawon.

Wantji djam 9.30 éndjing parepatan katapoekaken.

Ingkang rawoeh: Rama G. A. warga pangrèh pepak, warga sanèsipoen wonten 16.

Agenda:

1. Pamboeka. Pangarsa mbikak parepatan kados adat saben.
2. Maos notulen. Pinanggih absah.
3. Maos jaarverslag panitra. Sasampoenipoen kaéwahan sakedik, pinanggih absah.
4. Maos jaarverslag hartaka. Pinanggih leres lan absah.
5. Serat saking Pangrèh P. K. W. Bab papan parepatan P. W. K. taoenan ingkang badé kawontenaken, M. M. njoewoen wonten: Soerakarta.
6. Oesoel bab nggarap loeroeb altaar kanggé ing Giri-Santa. Katampi.
7. Dana kanggé kasangsaran Merapi. M. M. mendet f 20 saking arta kas.
8. Radio-omroep. Poetoesan: pakempalan M. M. dados warga. Sadèrèk ingkang oegi mlebet dados warga wonten 8.
9. Pilihan Pangrèh kanggé taoen 1931. Manoet dawahing oendi ingkang kapilih:
Pangarsa: Mevr. S. Soerja Banaroesid.
Panitra: Mevr. S. Mangoenwidjaja.
Hartaka: Mevr. Fr. Hardawirjana.
Warga roemeksa: Mevr. A. Wignjaasmara. Juffr. Veronica Ngadilah.

Watawis djam 11.30 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Jaarverslag „Maria-Mediatrix" Ambarawa taoen 1930.

I. Tjatjahing warga. Wiwitan taoen: 22, warga mandjoeroeng: 3. Ing poengkasaning taoen 1930 kantoen wonten warga: 17.

II. Kawontenaning arta.

Saldo taoen 1929: f 19,58.
mlebet: f 140,20.
goenggoeng: f 159.78.
medal: f 154,94.
Saldo taoen 1930: f 4,84.

Arta missie-bus nglempak: f 47,71.

III. Pangrèh. Wiwitan taoen:
Voorz.: Mevr. Tjakrawardaja.
Secr.: „ Hardawirjana.
Penn.: „ Padmawardaja.
Comm.: „ Djajasoemarta.
„ „ Martasoewignja.

Ing tengah-tengahing taoen Secretaris gantos Mvr. Martasoewignja; Commisares wewah Mevr. Darsana, minangka gantosipoen Mevr. Martasoewignja.

IV. Katahing parepatan: Pangrèh × 9.
Parepatan Warga × 7.

V. Padamelan ingkang katindakaken.

1. Para warga saben dinten gentosan tampi Communie moerih adjenging Missie ing Ambarawa,
2. Dana dateng Flores nalika wonten patjeklik; saben warga oeroen sa-contributie, wewah arta kas: f 7,50.
3. Pakempalan M. M. ing Ambarawa ngempal wonten ing kalanganing P. W. K.
4. Kintoen wewakil dateng parepatan P. W. K.
5. Nglampahaken wewakil dateng Gandjoeran, nalika Missie Djawi kaoendjoekaken Tijas Dalem Goesti Jésoes.
6. Njaosi geestelijk ruikertje dateng Rama A. de Kuyper lan H. Rictra nalika mentas prasetya ingkang poengkasan, sarta klempakan ing Pastoeran ngatoeraken soegeng rawoeh.
7. Nampi pangadjak P. W. K. jèn M. M. saroedjock anggebjoer ing kalangan P.P.I.I.
8. Njaosi knielkussens saha kunstbloemen kanggé Grédja Bara, lan knielkussens kanggé Grédja Ambarawa.
9. Mèngeti adeging M. M. sampoen djangkep 5 taoen.
10. Ngatoeraken soegeng tindak lan njembahjangaken Rama Rector L. van Rijckevorsel nalika tindak verlof dateng negari Welandi.
11. Toemoet ada-ada damel comité Likasan. Nalika comité ngwontenaken tetingalan, Maria-Mediatrix lan Éka-kapti kapasrahan njepeng buffet lan sesadéan sekar.
12. Ngatoeri pisoengsoeng Rama G. A. awoedjoed slèmèk Indjil 2 idji.
13. Dana f 5 kanggé Schakelschool jasanipoen P. P. K. D. ing Madioen.
14. Ngoermati tindakipoen Rama Tjipta lan rawoehipoen Rama Prawirapratama:
15. Dana handwerkstukken kanggé Grédja ing Goentoergeni.
16. Dana f 5 kanggé Grédja ing Samaitan.
17. Njaosi oeroen f 5 kanggé altaar énggal ing Ambarawa.
18. Njoewoenaken Mis Soetji kagem Rama Rector L. van Rijckevorsel nalika rawoeh saking negari Welandi.
19. Missiebus taksih lestantoen kaoebengaken.
20. Toemoet ngoermati rawoehipoen Rama L. van Rijckevorsel, koendoer saking verlof.
21. Sesarengan lan K. W. ngwontenaken pista kanggé laré-laré Katoelik nalika tanggal 26 12-'30.

LARÉ PENING.

MOEDA KATOELIK DJOKJA. AFD. MIDDELBARE SCHOLEN.

Jaarverslag ingkang sâpisanan.

Ing dintén Saptoe tg. 17 Djanoewari ingkang kapengker MOEDA KATOELIK afd. MIDDELBARE SCHOLEN sampoen ngwontenaken parepatan taoenan ingkang

VAN LITH-STICHTING

POENAPA
Pandjenengan sampoen
ngisèni
„SERAT KASAGAHAN"
dados
CONTRIBUANT
V. L. S.
?

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e Convict.
Moentilan N. I. S.

sapisanan. Kawaos Jaarverslag wiwit 1. Agoestoes 1929 doemoegi sapoenika, kados ingkang kaseboet ing ngandap poenika.

Pangrèh énggal: Pangarsa — E. I. Bernakyana, Secretaris — A. Toekidja, Warga Pangrèh — Cl. Sastradikrama, R. Pranawa saha E. Soedjana.

Kapoetoesan: oendoering pistan taoenan i. p. kadawahaken ing Paskah.

Jaarverslag:

Jaarverslag sapisanan poenika boten nama mligi kalender taoenan. Awit: Tg. 1. Agoestoes M. K. afd. Middelbare Scholen madeg ladjeng milih pangrèh, nanging boten ngwontenaken jaarverslag ngantos doemoegi sapoenika.

Djalaranipoen: margi kawontenanipoen Moeda Katoelik sadaja langkoeng saking sataoen laminipoen dèrèng goematok saha ngentosi idinipoen Kangdjeng Vicaris Apostolis ing Betawi.

Nanging afdeeling waoe boten sakedap kémawon. Poenapa-poenapa ingkang kalampahan wiwit ing sakawit ringkesanipoen kados ing ngandap poenika:

Wonten ing parepgtan pamboekan ingkang kapilih dados Pangrèh: A. Toekidja — Pangarsa; R. M. A. Soepardja — Secretaris; lan R. I. Bernakyana — Penningmeester; toewin sarembag badé neda contributie sawoelanipoen apes 10 sèn; nanging poenika toemindakipoen wiwit saweg kala statuten sampoen angsal idinipoen Pasamoean Soetji i. p. wiwit tg. 1 November 1930.

Bakda parepatan pamboekan poenika saben Saptoe sonten, kedjawi wekdal liboeran, sami klempakan roemijinipoen wonten ing gedongipogn K. S. B. ladjeng wonten ing sekolahan Mulo. Ingkang dipoentindakaken ing wekdal klempakan poenika: 1) Debat. Ingkang poenika soepados kanggéa djedjering debat, kadosta: A. Sastra sampoen ngoesoelaken „Ana Allah"; R. A. Soepardja „Medaraké ikoe bisa kelakon": R. Basoeki „Evangeli ikoe pantes diandel"; A. Toekidja „Soekmaning manoesa ikoe roh"; E. Soewarna" Sang Kristoes ikoe Oetoesaning Allah." 2) Ngrembag prekawis adakan toewin kabar-kabar ingkang dèrèng wajoe. Gandèng kalijan poenika andatengaken De Koerier.

Badé kasambet.

Parepatan taoenan K. W. Mataram.

Nalika tangg. 24 Jan. '31 K. W. Mataram ngwontenaken parepatan taoenan wonten ing Internaat Panti Siswa Bintaran. Margi tansah djawah kémawon ingkang rawoeh boten maremaken.

Dapoekaning rembag:

I. Bab pakabaran: 1 Pangrèh badé sowan sesarengan lan pangrèhing pakempalan Kath. sanèsipoen, dateng ngarsanipoen padoeka Rama Hagdorn, ingkang badé tindak dateng Nederland, perloe saos soegeng tindak atas namaning gotrah Katholiek. 2. Serat saking Tamtama Dalem kawaos. Pangrèh sagah minangkani ingkang dados wosing serat, i.p. mitoeloengi njadèkaken boeko e-boekoe wedalan Tamtama Dalem. 3. Commissie tata tjara rèhing sampoen rampoeng, kabibaraken.

II. Verslag taoenan: sareng sampoen katerangaken sawatawis, pinanggih absah. Ingkang kapilih dados warganing verificatie-commissie sad. Darmasoebrata, Markidja lan Soebardja.

III. Pilihan pangrèh: sadaja warga pangrèh tetep, kedjawi panitra. Pangrèh saweg setijar gentosipoen. Dados woedjoeding pangrèh:

R. C. Soegiri — pangarsa.
. . . . . — panitra.
J. S. Padmawijata — penningmeester.

Sad. Siswasoebrata, Soedarsana, Dwidjasaraja, Soetana sami warga roemeksa.

IV. Bab jasan-jasan.

1. Tooneel-club taoen poenika badé kasaèkaken, warganipoen mendet saking pakempalan warni-warni.

2. Debating-club badé dipoenajati malih sawoelan kaping kalih, ingkang sepisan mawi sesorah saking Pastoer, sapisanipoen warga pijambak.

K. W. oegi damel jasan énggal i. p. Propaganda-bureau, toedjoenipoen nenarik para sad. ingkang dèrèng toemoet dados warganing pakempalan, soepados toemoet.

V. Oesoel-oesoel kanggé K. W. pijambak ingkang katampi.

1. K. W. badé damel vaandel.
2. Ngwontenaken gezellige avond kanggé sadaja sad.
3. Manawi Kerstmis K. W. badé ngadani kinderfeesten.
4. Manawi pinoedjoe K. W. feest, ing papan ngrikoe badé dipoenkantèni tentoonstelling damelanipoen sad. Kath.
5. K. W.-feest oegi badé nampi sanès lid.
6. Toegoeran Kemis petak badé karembag wonten ing parepataning para bestuur.

Oesoel-oesoel Congres P. K. W.

1. Soepados K. W. K. W. sami jasaa, Propaganda-bureau (katrangan wonten ing beschrijvingsbrief).

2. Soepados K. W. K. W. jasaa vaandel lan kedah sami woedjoedipoen soepados wonten eenheid.

3. Soepados sadaja pakempalan pralénan (Pangoekti Laja) wontena tetangsoelipoen, soepados manawi wonten sad. tilar wonten ing wewengkoning P. L. sanès panggènan, sampoen ngantos kapinten.

Kedjawi poenika K. W. Mataram héndjing Congres P. K. W. poenika badé njoewoen wekdal kanggé sesorah P. P. P. P. A.

Sareng sadaja rembag sampoen telas, parepatan katoetoep kados adat.

Wakil panitra
PADMAWIJATA.

VERSLAG TAOENAN K. W. NGAJOGJAKARTA 1930.

1. TJATJAHING WARGA:

ing poengkasaning taoen 1929 wonten 50
„ „ „ 1930 „ 46

Dados tjatjahing warga soeda 4:

2. KAWONTENANING ARTA:

Mlebet:
Saldo th. 1929 f 35,03
Contr. th. 1930 f 139,70
Goenggoeng f 174,73—
medal 118,52
Soeda tahoen '30 f 56,21

3. WOEDJOEDING PANGRÈH ING POENGKASANING TAOEN 1930.

a) Pangarsa . . . . . sad *R. C. Soegiri:*
b) Panitra . . . . . „ *J. B. Soegija.*
c) Warga hardana . „ *J. S. Padmawijata*
d) Commissaris . . . „ *D. Soetana*
„ *S. Soedarsana.*
„ *A. Dwidjasaraja.*
„ *I. Siswasoebrata.*

4. TJATJAHING PAREPATAN:

a) Parepatan pangrèh kaping 6.
b) „ warga „ 5.
c) „ miroenggan „ 1.
d) „ Gecombineerden bestuursverg. 11.
kalijan pakempalan-pakempalan djawi 5.
„ „ „ Kath. 6.

5. JEJASANIPOEN K. W.

1e. St Stanislaus-debatingclub.
2e. Tooneelclub.
3e. Spaarclub.
4e. H. I. S.

6. PADAMELANIPOEN K. W.

1. Damel Commissie ngrembag wontenipoen pakempalan noenggil karja ing **Negresco.**
2. Ngawontenaken parepatan adegan Tradjoetrisna lan damel rantjangan pranatan ageng toewin alit.
3. Ngadegaken Correspondentieclub (djalaran warganipoen ratjak sami kekatahenpadamelan, boten saged toemindak saé).
4e. Nenggani lairipoen Poesaka Wanita Katholiek.
5. Nenggani karaméan 5 taoenan P.P.K.D. lan ngatoeraken pangastoeti.
6. Ngembani lan toemoet ngragadi C. K.
7. Tampi Panoenggal Soetji sesarengan toewin njembahjangaken tanah Roeslan 19 Maart.
8. Nata toegoeran 10 April.
9. Nenggani parepatan P. P. I. I. 15 April.
10. Nata toegoeran 19 April.
11. Nenggani parepatan P. P. I. I. 23 April.
12. Nampi sesorahipoen Rama Ten Berge bab Sang Mochamad.
13. Nampi sesorahipoen Rama Ten Berge bab Agami Islam.
14. Nampi sesorahipoen Rama Ten Berge bab: Mochamad lan Christus.
15. Njoekani dana dateng C. P. P. A.
16. Ngintoenaken wakil dateng parepan oemoem C. P. P. A. (Djajadipoeran)
17. Dados warganing panitya P. G. H. B.—H. I. O. C.
18. Nenggani parepatan oemoem P. G. H. B.-H. I. O. C.
19. Ngintoenaken oetoesan dateng Gandjoeran nalika mberkahi Tjandi.
20. Ngatoeraken kasoegengan saha pangènget-ènget dateng Mevr. Schmutzer.
21. Dalem panitya tata-tjara.
22. Mahargja rawoehipoen Rama Djajasepoetra lan Rama Soekiman.
23. Nenggani lan ngatoeraken poedyastoeti Congres Taman Siswa.
24. Dados warganing P. P. P. P. A. lan toemoet ngemoedèni.
25. Dalem gecombineerde Bestuursvergadering ngrembag P. P. P. P. A. lan gotrah Katholiek.
26. Ngawontenaken parepatan oemoem mawi sesorah bab: 1. Dagangan laré èstri lan Coöperatie.
27. Pados warga kanggé P. P. P. P. A.
28. mBangoen Comité Pahargjan ngémoetémoet 10 taoenan Djoemenengan dalem Djeng Sinoehoen.
29. Ngembani Tradjoetrisna.
30. Dados pangoeroesing panitya Jeugdorganisatie.
31. Nenggani parepatan adegan Moeda Katholiek groep Middelbare Scholen.
32. Nenggani karaméan M. K. groep werkenden.
33. Nglempakaken dana kanggé ngangkataken wakil-wakil Indonesia dateng Al-Aziatisch Women-Congres Lahore.
34. Damel Tooneel Decemberan.
35. Kintoen pangastoeti dateng P. P. I. I.-kongres Soerabaja.
36. Damel Commissie Verbruikscoöperatie.
37. ngGegesang Langen Swara Grédja St. Jozef.
38. Damel Commissie Gamelan.
39. Ngatoeraken kasoegengan dateng para Broeder (8 December).
40. Toemoet mrenata processie Kottabaroe.
41. Toemoet ngedegaken lan ngémoedèn. H. I. S. Trijasa.

ATAS NAMANING PANGRÈH K.W.

Pangarsa: Panitra:
C. SOEGIRI. *B. SOEGIJA.*

INGKANG KOELA ALAMI WIWIT SAKING BETAWI DOEMOEGINIPOEN NAGARI WELANDI.

III.

Djam 8 trep éndjing, baita pangkat saking Sabang.

O, manawi dipoenraosaken lan dipoen-gagas-gagas, ladjeng mideringrat saja ngalangoet! Mangga ta dipoen-galih! Tiga welas dinten, boten mondag-mandeg, mangka wonten ing Samodra Indija noedjoe woelan Agoestoes, woelan ageng-agenging ombak. Wonten ing Samodra Djawi kémawon sampoen kados makaten, mangké wonten ing riki gèk kados-poendi kémawon, poenapa boten satengah pedjah? Raosing manah, manawi wonten djagading gègèr Se (pèhi) kados kertos kolir dipoenkawan atoes mengsah, toer nir sampoen nglempak. Lo! inggih poenapa boten, sadèrèk gègèr?

La, nak lidok. Dèrèng dangoe baita medal saking palaboehan, ombakipoen selot ageng-selot ageng. Kraosipoen kados wonten lindoe ageng. Baita gondar-gandir, gojanggojang, kados goenoengan dipoenobat-abitaken manawi anoedjoe gara-gara. Kalih dinten kalih daloe, koela boten saged medal saking kamar. Toedjoenipoen koela sadèrèngipoen baita pangkat saking Tg. Prioek gadah réka-réka soeka persèn dateng djongos kamar. Anggènipoen ngladosi inggih toememen sanget. Poeapa-poenapa ingkang koela betahi ladjeng énggal-énggal dipoenlestantoeni. Sadaja tetedan, oetawi oendjoek-oendjoekan dipoenladosaken wonten ing kamar.

Nanging bab prakawis mendem samodra (maboek laoet) koela boten mijambaki; wonten ingkang sakit wiwit Tandjoeng Prioek. Malah mevr. A teroes wonten ing kamar kémawon boten medal-medal, ngantos doemoegi oedjoeng Guardefui. Tjahjanipoen petak, poetjet, tjebelèh, amargi pinten-pinten dinten boten saged medal.

Ing wantji daloe manawi kapinoedjon boten saged tilem, raosing manah kados badé wangsoelwangsoela; boten wonten soewanten sanès kedjawi djoemegoering ombak ageng ingkang sinigar déning Baita, lan soewantening mesin. Sakedap-sakedap gaoek dipoenoengelaken. Badan kraos loengkrah. Padaran Indonesia soemerep tetedan Europa étja-étja sampoen ngemohi, saja manawi kawewahan gandaning mertéga, soemerep kémawon sampoen moengkoek-moengkoek. Koela ladjeng kèmoetan sekoel goedeg, sekoel toempang, sekoel brongkos, sekoel goelé lan sapanoenggilanipoen. Manawi saweg dong makaten poenika sekoel goedeg sakwoengkoes koela wantoen noembas saroepijah. Nanging kok inggih ndilalah, badan saweg dong begdja: mevr. toewin mijn heer A ambekta sangoe lawoehan saking tanah Djawi; pepakipoen sampoen kados restaurant alit. Kotjapa manawi wantji sijang kinten-kinten djam 11, wantjining padaran sami kloeroek, djakadjaka Indonesia gangsal oetawi enem mak bjoek ngebaki kamar no. 317, kamaripoen sadèrèk A. Manawi dipoentingali saking ndjawi sadjakipoen kados badé ngrembag barang ingkang gawat sanget, ngoengkoeli Weener congres. Oepami wonten daratan makaten temtoe sampoen dipoendingkik resisir. mBok inggih njeboet.Ném-néman djadoeg², gagah-gagah, pangadjeng-adjenging bangsa Indonesia: nalika loemebet gagahipoen ngoengkoeli Djéndral, kok perloenipoen badé kepoengan, ngiras gegoedjengan. Koela pijambak pantjènipoen toemoet rikoeh, ananging sinareng mengsahipoen loewé, la inggih dipoenréntjangi rikoeh; sarèhning papanipoen aoet sanget, la inggih dipoenréntjangi namoeng sawontenipoen kémawon, wonten ingkang djégang, wonten ingkang linggih koper, wonten ingkang ngadeg, tjekakipoen rebat tjekap sanget! La inggih sinten tijangipoen.

Bakda pista kamar no. 317 mblader sanget kados pawoehan, sambel gorèng kering pating tlètjèk, dèndèng gepoek sami gigol, sroendèng kaboer dateng poendi². Rahadjengipoen kok boten wonten poenapa².

Gesanging passagiers kados déné gesangipoen millionair ing Amerika. Sadinten moepoet sami pating glèsèh, léha-léha wonten koersi males, kempas-kempoes ngakep ses; wonten ingkang maos koran, wonten ingkang maos boekoe, wonten ingkang nikmataken pipa lan sanès-sanèsipoen. Main dam, main schaak, main kertos, malah koela pijambak inggih njobi main pèi. Passagier-passagier sami nglempak, dados pinten-pinten panta. Walandi ingkang mrijaji noenggil sados satoenggal, sadèrèk verlofgangers lan sadèrèk Indo inggih noenggil dados sagroep, gang tangsi inggih noenggil dados sapanta. Koela sakantja inggih ngempal dados satoenggal. Ing rikoe katawis sanget Walandi ingkang beschaafd kalijan Walandi ingkang boten, kados déné tijang Djawi wedalan ndoesoen lan wedalan kita. Gesanging ing rikoe djaler toewin pawèstri sami soepeket, malah kénging koela oepamèkaken soepeketing kéwan! Minangka kanggé njlamoer bab prakawis maboek laoet, ing baita rikoe dipoenwonteni zwembasin, sportdek, gambar idoep; laré alit-alit dipoensoedijani bandoelan, djaranan, entjot-entjotan lan sanès-sanèsipoen. Saking katahing laré alit-alit, toewan adjoeng administratoer angedegaken padvinderij, sarwi ngawontenaken kampvuur, volksspelen lan sapanoenggilanipoen. Ing baita rikoe dipoensoedijani dokter, barbier, kantor pos, toekang potrèt, malah oegi ngawontenaken lotrèn. Muziekipoen inggih saé sanget. Sering-sering sok ngawontenaken tooneel oetawi cabaretavond lan sanès²ipoen. Tjekak ing rikoe poenapa² wonten, namoeng papan kanggé tennis oetawi voetbal boten wonten.

Kotjapa wonten ing samodra Indija wontenipoen namoeng tansah nglangoet kémawon. Boten wonten tetingalaning mripat kadjawi toja idjem sepoeh, poetjaking ombak petak lan langit biroe. Kiwa-tengen, ngadjeng-wingking namoeng toja. Kang mangka padaran raosipoen kados dipoenkeboer, ngintir-intir, moeneg-moeneg kados badé moetah-moetah. Neneda poenapa-poenapa raosipoen boten étra, kados namoeng badé wangsoel kémawon. Nedanipoen kraos étja manawi dong kendoerèn wonten kamar no. 317.

A. K.

COMMITE KANGGÉ MITOELOENGI KASANGSARAN SAKING KRODANING REDI MERAPI ING MATARAM.

Saking ada-adanipoen pakempalan² Djawi Katholiek ing Mataram oegi dipoenwonteni commite Merapi. Sarèhning ingkang katah² sampoen dana dateng commite warni-warni, pramila angsal-angsalanipoen namoeng loemajan. Kawontenanipoen loemebeting arta kados ngandap poenika:

Collecte ngadjeng Grédja St. Joesoep	f	23,86⁵
„ „ „ St. Antonius	f	8,25⁵
„ Negresco	„	5,34⁵
„ Drukkerij	„	1,28
„ moerid² Broederan	„	31,10
„ „ Koemendaman	„	4,54
„ „ Wirabradjan	„	4,—
„ „ Gowongan	„	4,37
„ „ Gajam+Melania	„	1,75⁵
„ „ Kambing	„	2,03
„ nganggé serat ideran	„	2,—
Dana saking Rama Rector	„	10,—
Goenggoeng	f	98,54

Pangoeroes.

lijan golongan Katholiek, ing Sw. T. no. 1 dados rembag ramé. Rembag poenika kapetik wonten serat-serat kabar Indonesiërs, Tionghoa toewin Walandi.

Boten namoeng mandeg semanten! Rembag poenika doemoegi Volksraad.

Wonten ing Afdeelingsverslags Volksraad, koela maos makaten:

„Naar aanleiding van een bericht in het orgaan der Katholieke Javanen SWARA TAMA, waarin gewezen wordt op een vijandige stemming tegen de missie in verband met de Merapi-ramp, zou gaarne worden vernomen of het de regeering bekend is of inderdaad een dergelijke stemming bestaat en zooja op welke wijze zij ontstaan. Welke maatregelen zijn of zullen daartegen worden genomen?

„Gandèng kalijan pakabaran ing SWARA TAMA ingkang anjarijosaken galagat panglawan dateng missie gegajoetan kalijan kasangsaran redi Merapi, wonten warga ingkang miterang, poenapa regeering mangertos galagat (oet. stemming) waoe njata poenapa boten, ... lan manawi njata kados - poendi doemadosipoen. Ladjeng, ... regeering toemindak oet. badé toemindak kados-poendi?

Koela srantosaken, kados-poendi wangsoelanipoen regeering.*)

X.

*) Koela atoeri mriksani „Ontjèn" dinten poenika. Red.

SEKOLAHAN.

TANGGAP SABDA.

Bab pangkat adjunct Schoolopziener.

Ing Sw. T. no. 3. dd. 16 Januari 1931. sadèrèk Patjar Mérah damel wawasan bab wontenipoen pangkat adjunct Schoolopziener. *)

1. Pangkat adj. S. O. poenika kanggé golongan P. G. B. lan P. N. S. mbatèni, kosok-wangsoelipoen toemrap kaoem K. B. mitoenani.

2. P. G. H. B. boten moepakat dateng wontenipoen pangkat waoe, mila ladjeng njebar bulletin, soeraos soeka ipat-ipat dateng sintena ingkang poeroen nampi besluit pangkat adj. S. O. badè kawedalaken saking warga P. G. H. B.— teka kaja tindaké botjah tjilik.

3. Tindakipoen P. G. H. B. makaten waoe prasasat boenoeh diri, margi saged ladjeng noewoehaken tjongkrahipoen K. B. toewin P.N.S., djalaran poenapaa roemijin nalika wonten sdr. K. B. ingkang kabenoem adj. S. O. mèndel kémawon, sareng sdr. P. N. S. ingkang kabenoem iadjeng protest.

N. B. Pangkat énggal poenika kabawahaken S. O. poenapa bawa pijambak? Manawi kabawahaken S. O, dados nama mewahi pangkat, poenika boten wonten awonipoen. Koela sakalangkoeng acc.

Déné manawi bawa pijambak, badé katah sanget pitoenanipoen, ngèngingi sadaja golongan goeroe; wondéné wawasan koela bab pangkat waoe makaten:

1. Manawi adj. S. O. zelfstandig, badé katah adjoengipoen tinimbang S. O.— pandamelan njekapi, blandja langkoeng sakedik. Ènget sadèrèk, djaman bezuiniging!

Wontenipoen pangkat adjoeng S. O. ladjeng noewoehaken concurrentie antawisipoen adjoeng lan S. O.— ngarah indaking pangkat lan blandja (tijang poenika kamélikanipoen ageng). Manawi wonten concurrentie makaten poenika, sinten ingkang nandang sakit? Para goeroe bawahipoen, inggih wedalan poendi kémawon. Mangga dipoengalih!

2. P. G. H. B. nindakaken ipat-ipat makaten poenika sampoen samestipoen, margi ngèngeti kapreloean oemoem. Inggih étja ingkang sampoen dados, ingkang dèrèng satengah pedjah.

3. P. G. H. B. boenoeh diri. Manawi kawawas satléraman kados tindakipoen laré alit, nanging manawi kagalih pandjang boten.

P. G. H. B. kéndel kémawon nalika wonten benoeman saking K.B.— Prakawis poenika saweg kelampahan sapisan, mangka roemijin-roemijin boten wonten pangkat adj. S. O; Goepermèn inggih boten netepaken, dados kakinten inggih namoeng kanggé tambal betah, boten badé ngaping kalihi.

Sareng kaping kalihipoen kedongan sadèrèk N. S. ingkang dados, saweg protest. Barang ingkang katindakaken sapisan kaping kalih étja, poenapa boten noemani?

Saènget koela boten wonten wètwèt ingkang boten ngéngingaken sadèrèk N. S. dados S. O. Sadèrèk waoe bok-inggih teroes kabenoem S. O. kémawon, sampoen teka ladjeng nglenggahi pangkat énggal, ingkang waoe-waoenipoen boten wonten. Dados saking golongan poendi kémawon: K. B., P. N. S. oet. P. G .B. inggih teroes dados S. O. Namoeng poenika atoer koela.

E. K. P. Kedamean S. b.

*) Wawasan Sw. T. no. 3 dédé wawasanipoen Patjar Mérah. *Red.*

ÉKONOMI.

RA'JAT INDONESIA LAN ECONOMIE.

Kados ing Sw. Tm. riki sampoen wongsal-wangsoel wonten karangan bab economie, bab lampah-lampahipoen tijang gesang, bab-bab sanès-sanèsipoen ingkang gegajoetan kalijan panggesanganipoen Ra'jat Indonesia Iss. Ananging saking pemanggih koela, sanadjan prakawis waoe sampoen kerep karembag, kados boten wonten awonipoen jèn koela toemoet-toemoet ngimbeti soeka wawasan, djer prakawis poenika loegoenipoen manawi saja kerep pangrembagipoen saja adamel saéning lampah toewin pandjangka. Djalaran saben tijang ingkang manah saha anggatosaken ladjeng saged pikantoek obor satjekapipoen.

Andaran saha goebahan koela ing ngandap poenika, boten awewaton boekoe-boekoe saha statistiek-statistiek, ananging mligi awewaton pamireng saha pangalaman ingkang saben dinten koela lampahi saha koela soemerepi.

Para sadèrèk. Manawi koela ngèngeti djaman koela taksih alit, kinten-kinten 25 taoen kapengker, kawontenanipoen tanah Djawi oetawi Indonesia ing babagan economie poenika katah sanget bédanipoen, jèn katanding kalijan wekdal semanten. Poenika nembé 25 taoen kapengker. Poenapa kawontenanipoen tanah Djawi oetawi Indonesia 100 taoen saprika, langkoeng saé oetawi awon katimbang sapoenika, koela boten saged ngatoeraken, djer inginggil koela sampoen matoer jèn goebahan koela poenika boten awewaton boekoe-boekoe, nangging awewaton pangalaman.

Ènget koela wekdal samanten, tijang Djawi poenika kénging kawastanan moeloes-moeloes. Liripoen taksih saged nganggé poenapa inhkang dados tjetjepenganipoen. Ingkang dados koeli, katingal koelinipoen. Ingkang dados tani, ketingal taninipoen. Ingkang dados prijantoen, ketingal prijantoenipoen. Ingkang dados soedagar, ketingal soedagaripoen. enz. Nanging kados poendi kawontenanipoen ing semangké? O, sadèrèk-sadèrèk, sanget anggeteraken saha ngalitaken manah. Ingkang dados koeli, boten ketingal koelinipoen, liripoen boten naté njepeng saha nggarap pakoelènipoen. Wontenipoen namoeng kerigan oetawi netepi wadjibipoen anggènè dados koeli. Ingkang dados tani, boten ketingal taninipoen, tegesipoen boten naté saged anggarap sabin oetawi boten naté nampi kasil saking siti. Wontenipoen sapoenika namoeng koeli-koelian toewin tani-taninan.

Ingkang dados prijantoen, boten ketingal prijantoenipoen, djalaran boten mantra-mantra tjotjog kalijan tegesing temboengipoen. Ingkang dados soedagar, boten ketingal soedagaripoen, djalaran sadaja barang-barang ingkang kasadé wontenipoen namoeng kanggé woedjoed kémawon.

Manawi kawontenan kados makaten, kita manah-manah ingkang pandjang, kita ladjeng saged mastani jèn tijang Djawi oetawi Ra'jat Djawi toewin Ra'jat Indonesia oemoemipoen poenika risak sanget panggesanganipoen. Sadaja karisakan waoe sampoen temtoe wonten sebabipoen. Wondéné bab sangkaning karisakan warni-warni sanget ingkang mastani.

Saweneh wonten ingkang gadah pamanggih, jèn risaking Ra'jat Indonesia poenika amargi déning dajaning ombakipoen djaman, inggih poenika tjampoeripoen kaboedajan saha pamanggih kilènan kalijan kaboedajan saha pamanggih wétanan. Djalaran, makaten trijosipoen tijang ingkang nggadahi pamanggih waoe tijang Djw. poenika loegoenipoen sampoen gadah kaboedajan toewin pamanggih pijambak saé oetawi prajogi. Rèhné ka-edjogan barang sanès, tijang Djawi ladjeng koewoer manahipoen, woesana kasengsem, ladjeng tiroetiroe ingkang boten nganggé wates. Pantjènipoen jèn makaten, risakipoen poenika amargi déning hawa kamoerkan, namoeng kémawon wonten ingkang ambibiti.

Saweneh malih wonten ingkang mastani jèn risakipoen tijang Djawi poenika, amargi tanah Djawi dangoedangoe dados telenging pekenipoen djagad, kanggé gampilan dados „wereld verkeer." Rèhné dados wereld verkeer, tanah Djawi prasasat malih sipatipoen. Roemijin gesangipoen tijang Djawi poenika prasasat awoedjoed idjal-idjol kémawon kalijan katja-kantjanipoen, boten ambetahaken barang-barang saking ngamantja. Nanging rèhné sampoen dados wereld verkeer, gesang idjal-idjol ladjeng itjal, gantos sipat. Kanggé wekdal semanten, ingkang kanggé pangadjeng poenika asilipoen boemi, nanging jèn sapoenika ingkang kanggé pokoking panggesangan „Jatra." Sadaja prakawis, sadaja tindak, sadaja kawontenan, jén boten wonten jatranipoen, tangèh sagedipoen kelampahan. Wontenipoen margi (loeroeng) ageng-ageng, krèta, taxi, autobus, sepoer, kapal, kapal oedara enz. enz., sadaja jatra ingkang kanggé patokan.

Badé kasambet.

WAWASAN BAB BOEKOE

P.K.W. nembé tampi boekoe alit-alit saking administratie „Tamtama Dalem" ing Moentilan katampipoen wonten 3 idji. Namaning boekoe-boekoe waoe „WASITA TAMA". Sadaja serie: *„Paloepihardja"* lan nomeripoen 1, 2 lan 3.

Boekoe no. 1 isi 27 katja, formaat saé, kénging kakandoet, regi mirah ± 12½ sèn isinipoen: sekaring tanah Vlaanderen *ingkang sinoetji Godeliva*. Sinten ingkang maos temtoe trenjoeh ing manah ngèngeti kasoetjian lan kasangsaranipoen sang poetra poetri *Godeliva*, nalika dipoenétjé, pinisakit toewin inganiaja déning Iboe marasepoehipoen, inggih poenika Iselinde, Iboenipoen pangéran Bertolf, garwanipoen sang séda kamartir poetri *Godeliva*.

Tjekak: ingkang moendoet boten badé katjoewan lan getoen. Langkoeng² kanggé para wanita ingkang nglampahi gesang sesémahan.

Boekoe no. 2 isi 20 katja, formaat idem, regi ± 10 sèn, isinipoen: Abdi dalem Dèwi Marijah ingkang Agoeng *L. M. Grignion de Montfort*. Kados kadang Katholiek sampoen kerep mireng Asma waoe.

Boekoe poenika waoe boten njarijosaken soegengipoen, nanging njarijosaken bektinipoen dateng Dèwi Marijah lan kados-poendi sagedipoen tijang Katholiek angoermati Sang Dèwi kanti sampoerna. Déné jasanipoen boekoe-boekoe prekawis matonipoen lan kedah kita njenjoewoen lantaran Dèwi Marijah dateng Goesti, ingkang dipoenwastani „Het Gouden Boek" mila pantjèn kampioen. Boekoe poenika isi 1. Djatining pangabekti dateng Dèwi Marijah. 2. Kraton Dalem Goesti lantaran Dèwi Marijah. 3, 4, 5. l. s.

Tjekak: sinten ingkang moendoet serat no. 2 waoe, tan kénging boten temtoe mindak katresnan toewin pangabektinipoen dateng Iboe kita Dèwi Marijah.

Boekoe no. 3 isi 12 katja, regi ± 7½ sèn, isi: Ingkang soebagja Nuncio Sulpicio. Kados ingkang kawrat ing beboekaning boekoe poenika: Toedjoenipoen sepisan.... „kaping kalih: soeka tepa toelada dateng paraném-némam toewin para namboet karja, langkoeng² wonten ingkang ing pabrik sarta ingkang sesrawoenganipoen boten saé.

Mangga, koela boten soesah ngalem, sadaja sampoen saged ngintenin-ten saéning waosan waoe.

Mangga para kadang Katholiek, lan K. W.-K. W., ingkang sampoen tampi prospectus saking Rama J. J. Ten Berge, keparenga énggala moendoet boekoe-boekoe waoe lan kasadéa dateng sadèrèk-sadèrèk koekoeban ngrikoe. Poenika padamelan apostolisch oegi. K.W.-K.W. kedah ambijantoe sakijatipoen. Lan matoer noewoen dateng Rama Ten Berge, déné P.K.W. sampoen pandjenengan kintoeni boekoe² waoe.

Atas namaning Best. P. K. W.

J. A. P.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KOERDANIPOEN MERAPI KALIJAN DJAGAD KATOELIK.

Doemoegi Raad Kawoela.

Penting, sadèrèk, ... penting! Soepados saged djedjeg panimbang pandjenengan koela atoeri ngadep Ontjèn ing Sw. T. no. 1 taoen 1931.

Wonten ing Ontjèn waoe, Patjar Mérah angrembag „Koerdanipoen Merapi kalijan djagad Katoelik „Soeraosing artikel poenika:

a) Wonten pawartos soemebar, koerdanipoen Merari ngantos damel pepedjah lan karisakan semanten poenika, margi moeringipoen njai rara Kidoel dateng pastoeran Moentilan. Djer, pastoer-pastoer ing Moentilan — manoet pawartos waoe —, naté njolong golèk kant ana, siwoer kantjana, saking redi Merapi . . . . enz. . . . .

b) Margi wontening pawartos *a.* poenika, Patjar Mérah amastani: 1. koerdanipoen Merapi kala mangsa prajogi kanggé propagandah anti Kristen. 2. Andjalari saja sengitipoen tijang ingkang boten remen kalijan Katoelik. 3. Andjalari tetijang saja kandel raosipoen dateng goegon toehon, ingkang ateges ngrerandati kamadjengan Indonesia.

c) Patjar Mérah mireng pawartos, kabar waoe saking padamelanipoen golongan anti-Katholiek. Manawi temen makaten Patjar Mérah anetepaken tindak poenika, tidak djirih, roetjah!

d) Angèngeti ing *b*, kanggé perloening oemoem, Patjar Mérah neda soepados prijantoen pangrèh pradja ngoeroes sinten ingkang aminihi njebar pawartos poenika . . . .

Makaten soeraosing karanganipoen Patjar Mérah ing Ontjèn no. 1. . . . . .

Karangan poenika, dados odjat. Dipoenpetik wonten serat-serat kabar Indonesiër, Tionghoa, toewan Walandi. Malah, . . . boten namoeng doemoegi semanten. Ontjèn waoe, ... doemoegi ing Volksraad.

Wonten ing afdeelingsverslag Volksraad koela maos, wonten warga ingkang miterang leres lepating pakabaran ing Ontjèn poenika. Warga waoe oegi pitakèn regeering ladjeng toemindak kados poendi??

Koela maos afdeelingsverslag Raad Kawoela ingkang isi pitakénan poenika, wonten Mataram dinten Setoe 24 Djanoewari. Ladjeng, ... dintenipoen Senèn 26 Djanoewari, serat kabar Mataram waoe sampoen ngewrat wangsoelaning regeering toemrap pitakénan waoe. Oengelipoen makaten:

Het bericht in de Swara Tama als zoude er in verband met de Merapi-ramp onder de bevolking een vijandige stemming tegen de Missie heerschen, is onjuist. Van eenige vijandige stemming is ook in dit opzicht geen sprake, aldus deelt de regeering aan den Volksraad mede naar aanleiding van terzake gemaakte opmerkingen in de afdeelingen.

Er schijnt slechts eenigentijd een vaag gerucht de ronde te hebben gedaan, dat de Pastoors van Moentilan den berggeest vertoornd zouden hebben. De bron van dit verhaal kan echter niet eens worden opgespoord. Of de omstandigheid, dat een deel der vluchtelingen, aanvankelijk in de Missiegebouwen onderdak gebracht, deze verlieten met bedoeld verhaal rechtstreeks verband houdt, naar wordt beweerd, kan niet worden uitgemaakt.

De Missie heeft echter van bedoeld gerucht, voorzoover thans blijkt, geen nadeelige gevolgen ondervonden. Zoo zijn bijvoorbeeld tot nu de Missiescholen door geen leerling verlaten. Niettegemin wordt van bestuurswege het noodige verricht om het gerucht tegen te spreken, te eerder daar ook ditmaal de Missie er vol toewijding naar heeft gestreefd de bewolking tot steun en troost te zijn.

Wosipoen:

- Pakabaran ing Swara Tama kang anjaritakaké: gandèng karo anané kasangsaran Merapi, ing kalangané wong-wong bandjoer ana galagad nglawan Missie, koewi ora njata. Babar pisan ora ana rasa-rasa nglawan Missie.

Sadjaké, moeng ana pawarta rawat-rawat, manawa para pastoer ing Moentilan, agawé moeringé lelemboet goenoeng Merapi. Nanging wong ora bisa njidikaké soembering dodongénган iki. Apa loengané sapérangané wong-wong kang sakawit dioengsèkaké ana ing omah-omahing Missie, ikoe pantjèn gagandénган karo pakabaran iki maoe, koewi ora bisa pinoetoesan.

Pakabaran maoe, toemekané saiki, ora gawé pitoena apa-apa marang Missie. Tandané kajata: sapréné ora ana moerid sing metoe saka sakolahan Missie. Éwasamono, pangrèh pradja ija ora lali toemindak saperloené amrapali pakabaran maoe, awit loewih-loewih déné Missie wektoe samono ngemen-emenaké banget toetoeloeng lan nglipoer wong².....

Makaten wangsoelanipoen regeering.

* * *

Genging panoewoen koela dateng warga Raad Kawoela ingkang nandjihaken artikel waoe dateng regeering.

Nitik wangsoelan ing nginggil, dados tétèla, regeering angakeni wontening pakabaran ingkang njarijosaken pastoer njolong golèk kentjana enz. ingkang ladjeng andjalari moeringipoen lelembat Merapi. Nanging regeering boten ngakeni bilih ing kalangan kawoela wonten galagat anglawan Missie. Lan pakabaran waoe boten damel pitoena dateng Missie.....

Pakabaran koerdanipoen Merapi margi nepsoenipoen Merapi dateng pastoeran Moentilan, poenika pantjèn soemebar ing poendi-poendi. Ingkang koela mangertosi,.... doemoegi ing bawah Ngajodja, Semarang, Soerakarta.....

Pakabaran kados makaten poenika, sanadjana boten medal saking glagat nglawan Missie, sampoen saged damel saja boten senengipoen tetijang ingkang pantjèn boten seneng kalijan Katoelik. Éwadéné, . . . boten ngantos mahanani stemming, ingkang nglawan dateng Missie,..... poenika nama kabegdjan ageng. Lan,.... koela inggih sakalangkoeng bingah.

Pakabaran waoe, boten mitoenani poenapa-poenapa dateng Missie! Sokoer manawi makaten!

Regeering boten saged anjidikaken soembering pakabaran poenika. Pamoedji koela, moegi soember waoe, jèn mila pantjèn wonten, nanging boten kepanggih, ngitjala saladjengipoen. Awit pangrèh pradja temtoenipoen boten badé kesamaran!

Pangrèh pradja inggih toemoet amaprali pakabaran ing nginggil ing sasaged-sagedipoen!

Tindakipoen pangrèh pradja ingkang makaten waoe koela alembana sanget. Atas namaning wandawa Katoelik, Patjar Mérah angatoeraken genging panoewoenipoen. Semanten oegi atas namaning oemoem, koela inggih ngatoeraken panoewoen, Djer lekas ingkang makaten poenika, ateges oegi merangi goegon toehon ingkang n. b. angrerandati adjengipoen Indonésia.

Kumuningsaselé 26 Djanoewari '31.

Taklim: *Patjar Mérah.*

CORRESPONDENTIE.

Saking Red.

Sampoen tampi soembangan-soembangan saking: Pajon Sari ing T. s.; S. Srbj.; S. D. ing W.; R. S. lan W. S. Kita matoer noewoen sanget. Nanging pandjenengan pirsa pijambak, jèn papanipoen soek-soekan sanget; dados boten saged matjak sadaja soembangan sanalika. Inggih sampoen ndadosaken penggalih!

Kedjawi poenika, S. D. ing W., karangan pandjenengan saking pamawas kita kados kirang matoek jèn kapatjaka ing Sw. Tm. Njoewoen ngapoenten!

W. S., Sarèhné poen karangan datengipoen radi kasèp; mangka toedjoenipoen oegi sampoen katjepeng, milanipoen boten badé medali. Sampoen kirang pangapoenten!

„Tamtama", boekoe-boekoe alit (Wasita-Tama). sampoen katampi. Noewoen.

Saking Adm.

Abn. 274. Jth. Toean R. J. Soepardi Pantjawirjana, adres pandjenengan poenika sapoenika kados-poendi ta? Awit Sw. Tm. ingkang mawi adres kados paringipoen ingkang kantoen-kantoen poenika kok kawangsoelaken!

Mej. Soewarti te B., we appricieeren Uw schoon voorstel ten zeestre. Daarvoor onze hartelijken dank! Maar wegens omstandigheden kunnen we het tot onze spijt niet ten uitvoer brengen.

OERAP-SARI

KABAR KATOELIK.

Frater Dionysius, Poeloenggana. †

Salebetipoen minggoe kapengker, pandjenenganipoen frater Dionysius (R. Poeloenggana Brata Atmadja), kondoer saking nagari Walandi margi gerah sarta kaoepakara wonten ing grija sakit St. Carolus ing Betawi. Sasampoenipoen tampi Lisah Soetji, kala Selasa poenika, kapoendoet Ingkang Maha koewasa.

R. C. Poeloenggana, asli Ngajogjakarta, lahiran taoen 1906; wiwitanipoen sinaoe ing sekolahan angka II ladjeng dateng H. I. S. lan djeng dateng Kweekschool ing Moentilan. Sareng sampoen rampoeng (1924) ladjeng mlebet dateng Seminarie ing Moentilan. Taoen 1927 pindah dateng Seminarie énggal ing Ngajogja. Taoen 1928 sampoen tamat pisinaonipoen wonten ing Seminarie. Taoen 1929 dateng

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA	BANDOENG
Telf. 252	Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

FRIELING'S GLANSVERF A

kanggé ngetjèt ndjawi lan nglebet grija, kantoen ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	**10**	**5**	**2½**	**1**	**½**	**KILO**
sa - blèg	**10,50**	**5,50**	**3**	**1,30**	**0,75**	**roepijah**

IJzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	**10**	**5**	**2½**	**1**	**½**	**KILO**
sa - blèg	**7.-**	**3,75**	**2,15**	**0,95**	**0,55**	**roepijah**

Loodmenie toelèn, regi oegi sami samanten.
„ „ garing woedjoed boeboekan
dipoenwadahi tong à 50 Kilo, sa-tong **F 28,50.**

Verffabriek R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

Boeat toean poenja

Recept^{2}

ERCEE

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Negari Welandi perloe mlebet dados warganing Orde Carmelieten. 14. Mei. 1929 jektos sampoen toemapak dados warganing Orde waoe wonten ing Boxmeer (N. Br.); santoen nama: Dionysius. Frater Dionysius poenika Carmeliet Djawi sepisanan! Taoen 1930 ladjeng dateng Merkelbeek (L.) perloe njinaoe Philosophie. Nanging boten antawis dangoe kapeksa wangsoel.

R. C. Poeloenggana poenika, wiwit moerid mila katingal mondjo, sarta mletik ing kasoesastran. Basanipoen Djawi, saé.

Swara-Tama, ingkang oegi kerep tampi pisoembang karangan saking pandjenenganipoen béla soengkawa dateng gotrah Poeloenggana.

Moegi, arwahipoen pinaringana noegraha ageng wonten pangajoenaning Allah. R. I. P.

Pangandika - sesorah dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa rikala malem Kèresmis.

Saweg malem Kèresmis poenika I. S. K. Santo Bapa ngandika-sesorah wonten ngadjengipoen para Kardinaal, inggih poenika bab katentreman boten perang sarta bab panjamoewa kraman (kawinan) ing Sofia tjara schismatiek.

Bab katentreman, pangandikanipoen: tijang Katoelik sadjagad kawadjiban ngoedi wontenipoen katentreman boten perang, katentreman sadjati.

Katentreman sadjati poenika namoeng katentreman Dalem Sang Kristoes, awit ngoengkoeli sakatahing raos djasmani, dados boten kisroeh oetawi boten kirang goematok.

Katah tijang ingkang kesasar amargi nginten jèn saged tentrem sedjati lan lami, sanadjan para tijang lan bangsa ingkang dipoenentoe-entoe namoeng barang djasmani lan kadonjan, djalaran barang-barang poenika boten tanpa wates, dados inggih angèl sagedipoen damel marem, dalasan oepami boten wonten tijang ingkang soemedya andarbèni langkoeng katah tinimbang sanèsipoen. Barang djasmani waoe saja katah ingkang toemoet mara, saja alit tampinipoen satoenggal-toenggaling tijang; mila kénging tan boten temtoe moeroegaken tjetjongkrahan.

Béda kalijan barang rohani—kanjataan, kasaénan, kaoetamèn—saja katah ingkang mara, saja katah wohipoen ingkang katampi ing satoenggal-toenggaling tijang lan pakempalan.

Wonten malih tijang ingkang kesasar amargi nginten jèn tetijang lan bangsa-bangsa sami gadah katentreman sadjati ing batos, sanadjan ing sirah lan ing manah boten wonten raos ingkang lebet dateng katentreman. Sirah kadjengipoen: soepados saged ngertos lan ngaosi dateng tindak adil, wondéné manah: soepados tindak adil waoe katambahana malah sasaged-saged kaerèha déning katresnan, awit saleresipoen katentreman poenika langkoeng katah kagolongipoen dateng katresnan katimbang dateng kaadilan.

Katentreman ing batos waoe saja angèl pinanggihipoen wonten ing kaoem berah sirah lan manahipoen tetijang manawi wonten sabab-sabab wigatos ingkang andjalari sami padoedon kémawon kadosta: boten adilipoen ambagé lampah sekétja lan ngrekaos, boten adilipoen ambagé kawadjiban lan wewenang, ambagé kasoegihan, pangrèh, pakarjan toewin wohipoen. Sadajasadaja waoe sagedipoen toemindak leres, namoeng margi sarana toeloeng - tinoeloeng kados tjaraning mitra sami mitra.

Saja angèl malih, malah kapara andoepara sagedipoen wonten katentreman ing saloemahing djagad, manawi katresnan sadjati dateng tanah woetah-rah kasantoenan nationalismus ingkang tjoekeng sarta ingkang namoeng mikir awakipoen pijambak. Jèn makaten poenika boten pados rahadjenging sesami, nanging malah sengit lan panastèn.

Woesana I. S. K. Santo Bapa ngandika bilih mokal sagedipoen wonten katentreman sadjati, samangsa taksih wonten bebaja ing nglebet lan djawi sarta samangsa boten mirantos saèstoe amrih saged ngitjalaken bebaja waoe. Bebaja ingkang kados makaten boten pisah kalijan propaganda ingkang mengsah agami lan djagad sociaal. Wondéné anggènipoen ngitjali, boten namoeng mligi sarana dedamel wadag oetawi djasmani.

Pandjenenganipoen I. S. K. Santo boten pitados, bilih badé wonten kradjan satoenggal kémawon ingkang ngadjak perang, djer para bangsa anggènipoen sakit margi perang ingkang sampoen kapengker poenika prasasat dèrèng mantoen. Ngadjak perang dados ateges memedjahi tijang boten kados tjaraning manoengsa oetawi ateges nglaloe. Ewasamanten manawi ingkang kados makaten poenika boten kénging kadjagèkaken, I. S. K. Santo Bapa kapeksa njoewoen dateng Goesti Allah „Moegi wontena karsa Dalem maringi katentreman dateng kawoela sadaja."

I. S. K. Santo Bapa ladjeng mrotès dateng ingkang sampoen kelampahan ing Sofia. (Kramanipoen Radja Bulgarije). Ing kita waoe sampoen dipoentindakaken tata - tjara Schismatiek, panjamoewa kraman tjara Schismatiek. Anggènipoen nindakaken waoe ngèmperi sanget kados ngaping kalihi oetawi ndjangkepi kekiranganing idjab ingkang sampoen kelampah. (Idjab ingkang sampoen kelampah poenika tjara Katoelik saha sampoen absah. Radja Bulgarije waoe Schismatiek, angsal poetri Katoelik. Dados sanadjan radja pisan inggih boten saged nglangkoengi djanggel-djanggelanipoen idjab tjampoeran Red). Kados makaten poenika andadosaken gerahing penggalih Dalem Goesti Allah sarta damel sesandoengan dateng tijang limrah ingkang boten mangertos.

Retrèt mawi basa Djawi.

Ing liboeran Pasa poenika boten wonten retrèt; nanging ing liboeran September badé wonten.

W. K. Mataram.

Mentas ngawontenaken parepatan taoenan. Manoet jaarverslag, tjatjahing warga sapoenika 200.

Pangrèh énggal.

Wara Soegiri, pangarsa.
R. A. Hardjadiningrat, panitra I.
Rara Gabriël, panitra, II.
Wara Soewandi, pangroektiarta I.
Wara Martasardjana, „ II.
Wara Hardjasoedarma, lan......
sami warga noepiksa.

Papanggihan ingkang tjalon kawontenaken béndjing 5 Februari. angrembrag oegi oesoel-oesoel kanggé konggrès P. W. K. ingkang tjalon kawontenaken béndjing tengahanipoen woelan Februari.

W. K. Mataram neda soepados konggrès P. W. K., wonten Ngajogja.

Mèh madeg.

Saking péhak ingkang kénging pinitados, koela mireng pawartos, sakedap engkas Klatèn badé dipoenwonteni pakempalan Wanita Katoelik. Sapoenika saweg tjatjawis........ Vooruit maar!

KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

Kanggé kasangsaran Merapi.

Moerid - moerid Melajoe belanda lan Std. Djajèngan	f 1,25
K. W. Keboemèn	f 5,—
ingkang sampoen	f 22,36
Goengoeng	f 28,61

Sinten mewahi malih-malih.

Anti - Woekervereeniging.

I. K. P. afd. Soerabaja ngadani ngadegaken anti-Woekervereeniging kados ing Bandoeng; makaten oegi ing Malang.

Kaleresan moempoeng djaman malaise, bongsa woekers mbingahi anggènipoen badé tetoeloeng mentoeng!

Lo, panggènan sanèsipoen roemijin dados oegi sami ada-ada anti-woekervereeniging kok ladjeng tanpa sebawa. Poenapa sampoen kados adad saben......djelèh?

B. O. afd. Salatiga.

Wonten kabar bilih B. O. afd. Salatiga béndjing Cangres ing woelan April poenika, badé oesoel éwahing statuten soepados sadaja tijang priboemi Indonesia saged dados warga B. O. saged notjogi idam-idaman eenheidsgedachte.

Wah oengsoem Indonésiaaaa! Poenapa B. O. ladjeng dados B. O, I.? Unie? Poenapa Federatie? Kalih-kalihipoen wonten awonipoen wonten saénipoen. Ananging pratijkipoen sampoen goemampil?

Begrooting Gemeente Soerabaja.

Nalika ngrembag begrooting ing Gemeente Soerabaja toewan Verboom (V. C.) bilih pandamelanipoen begrooting boten ngèngeti djamanipoen. Ing dalem 5 taoen indaking begrooting f 6.000.000 doemoegi f 9.000.000. Poenika nama anggegirisi. Pramila ladjeng nerangaken soepados administratie - nipoen dipoensaèkaken.

Wah pantjèn. Gemeente poenika raos koela namoeng sami mbingahi damel ijasan kalijan damel balasting boten ngèngeti rekaosipoen tijang kedjibah mbajar belasting. Entèk.....amèk........golèk-golèk.

Pitoeloenganipoen Negari kanggé tijang nganggoer.

Ing memoriepost begrooting 1931 poenika Negari badé oesoel ing Volksraad oeroen mitoeloengi dateng tijang nganggoer katah-katahipoen f 100.000.

Sinten ingkang badé boten moefakaat? Namoeng kémawon f 000.000. tjekap poenapa? Bok inggih nagari oesoel madjibaken dateng kaboedajan ingkang agengageng ngawontenaken werkeloosheidsfonds, Djer malaise boten namoeng badé sapisan poenika kémawon wontenipoen.

N. I. S. lan S. S.

Mataram saged ngabaraken bilih N.I.S. sampoen angsal palilahipoen S. .S badé ngedakaken taripipoen toemrap mbekta barang mawi montor ing saantawisipoen Semarang-Djocja, f 1,20 ingdalem 100 KG. Poenika badé kanggé ngedjori vrachtauto sanèsipoen. S. S. badé angsal lintoe ing kapitoenanipoen:

Moefakaaat, toemrapipoen publiek! Bok inggih bis-bis. Salo-Djocja-Magelang poenika dipoenedjori sisan kantenan anggèn koela moefakaaaaaaaaaaaaaaaaaat malih.

Dactijloscopie.

Kantor Dactyloscopie poenika toemoet Departement Justitie. Menggah pandamelanipoen kanggé nglempakaken tjiri - tjirining bangsa militèr, koeli kontrak, tijang ingkang medal saking pakoendjaran oetawi ingkang katjopot saking pandamelanipoen enz.

Wontenipoen kantor poenika sampoen 15 taoen. Ing dalem 15 taoen klempakanipoen tjiri-tjiri ± 200 000. Ing taoen 1930 poenika saged nglempakaken 30.000 ingkang saged pinanggih margi tjitjirèn poenika wonten 4000. Réka poenika mitoeloengi sanget kanggé madosi militèr ingkang minggat.

Saoepami loengsoeran communist poenika oegi sami dipoentjirèni makaten, gampil anggènipoen nlesihaken ingkang sami bloengon mlebet pakempalan sanèsipoen.

MANTJA NAGARI.

DJERMAN. Tjatjahing tijang nganggoer boten saja soeda. Malah saja katah. Wiwit tanggal 1 Djanoewari, doemoegi 15 Djanoewari, mindakipoen tijang nganggoer, sampoen wonten saprasakawan joeta. Tjatjahipoen tijang nganggoer sadaja manoet tjatetan officieel wonten 4.765.000. Katah tijang ingkang sami ngoewatosaken, bokbilih akiripoen woelan poenika, tjatjah semanten waoe, ladjeng dados gangsal mlijoen langkoeng.

Nagari ingkang kados makaten, mesti kémawon gampil dipoensebari ngèlmoe kominis sasaminipoen.

FRANKRIJK. Nagari inggih ngoewatosaken tjatjahipoen tijang nganggoer. Kalih minggoe kapengker, tjatjahipoen werkloozen waoe mindak 5.000. Ngantos goenggoenging kaoem pandji klantoeng boten kirang saking 22.000. Mangka kala taoen kapengker, ing woelan makaten poenika, tjatjahipoen tijang nganggoer boten langkoeng saking 1.000.— Tjatjah djiwané arang, kok ana pandji klantoeng semono.

NEDERLAND. Dajaning malaise oegi karaos wonten ngriki. Wonten pabrik ingkang waskita, saged damel réka amékani sampoen ngantos motjot poenggawa. Pabrik waoe, i.p. pabrik lampoe Philips. Kanggé mékani sampoen ngantos kepeksa ngèndeli poenggawa, i.p. sarana ngirangi wekdal panjamboet damel dangoenipoen saedjam.

Sanadjan kadajan ing malaise, éwadéné darma saking nagari Walandi kanggé Merapi boten sakedik. Nembé poenika, komité Merapi ing ngrika tampi malih arta f 34.000.

Tilas Redaktoer kita, D. Hardjasoewanda, wonten ing nagari Welandi inggih njoewanten perloe neda darma kanggé kasangsaran Merapi. Soewanten waoe kawrat wonten ing „De Tijd" (30. Dés. '30).

HINDOE. Indische Ronde Tafelconferentie, ingkang angrembag kabetahanipoen Hindoe, angedalaken woh. Moesawaratan waoe nedya soeka tjengkorongan dateng parlement, déné tjenkorongan poenika mawi tatales gemeenschappelijk.

Konprènsi poenika, ingkang bakoe badé ngwontenaken pan-Indië oet. vereenigde staten van Indië, adadasar federatie.

Burma tjalon kapisah saking Britsch Indië.

Panggajoehipoen Hindoe dateng kamardikan sampoen langkoeng tebih tinimbang Indonesiërs. Mila inggih katah prakawis^{2} ing Hindoe ingkang kénging kita anggé pipiridan.

VERLOOFD.

Rr. R. SANSOESILAH

dochter van R. P. Setiardja

en

R. C. MOEDJIA DIBYA-ATMADJA.

zoon van R. Ng. Prajalata

Huwelijksvoltrekking

Zondag 8-2-'31 in de **St. Jozephkerk** te Djokja ten 8 ure.